



Pou Piblikasyon Imedya: 09/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SIPÒ SAN PARÈY POU EDIKASYON NAN BIDGÈ ANE FISKAL 2023 A, KI ENKLI 31.5 MILYA DOLA A NAN ÈD POU LEKÒL

*Èd pou lekòl la ogmante a 2.1 milya dola, pou pi wo nivo finansman nan istwa  
Eta a*

*Ogmantasyon 125 milyon dola nan Prematènèl pou timoun kat ane yo*

*100 milyon pou bay etidyan ak edikatè yo sipò akademik ak sante mantal*

*Ogmantasyon 240 milyon dola ak fleksibilite ekstrawòdinè nan finansman pou  
edike timoun andikape yo*

*2.2 milia dola nan nouvo kapital pou kanpis SUNY ak CUNY yo*

*500 milia dola nan nouvo sipò operasyon pou SUNY ak CUNY*

*150 milia dola asistans ekolaj pou elèv a tan pasyèl yo*

Gouvènè Kathy Hochul jodi te anonse gran pwen sou edikasyon nan kad Bidjè Ane Fiskal 2023 a. Yon pati nan plan istorik la gen ladan yon rekò 31.5 milia dola nan èd pou lekòl total pou ane lekò 2023 a, pi wo nivo èd eta ki te janm genyen, ak 8.2 milia dola nan sipò pou edikasyon siperyè nan kad Bidjè ane sa a.

"Opòtinite pou pouswiv yon bon jan kalite edikasyon se yon bagèt majik pou anpil Nouyòkè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk bidjè sa a nou pral relache pouvwa edikasyon siperyè pou leve moun nan eta nou an nan envesti nan enstitisyon nou yo ak nan pwofesè nou yo. Gras ak èd Lidè Majorite Stewart-Cousins ak Prezidan Heastie, nivo finansman san parèy sa a pral elaji aksè ak opòtinite nan New York epi bati sistèm edikasyon nan tan kap vini an."

### Finansman Edikasyon Istorik

Bidjè Eta a reflete angajman solid Gouvènè Hochul pran anvè edikasyon lè li bay plis finansman ak sèvis pou satisfè bezwen elèv yo, pwofesè yo, ak lekòl yo nan mitan pandemi an. Bidjè a founi 31.5 milia dola nan Èd pou lekòl total yo pou ane lekòl 2023

a, pi wo nivo èd Eta a ke sa te janm ye. Envestisman sa a reprezante yon ogmantasyon 2.1 milya dola (7.2 pouzan) chak ane Ikonpare ak ane Lekòl 2022 a, sa gen ladan 1.5 milya dola oswa 7.7 pouzan ogmantasyon nan Èd pou Fondasyon (Foundation Aid), ki reprezante dezyèm ane angajman Gouvènè Hochul pran pandan twazan pou li finanse konplètman Èd pou Fondasyon an.

### **Pre-Matènèl Invèsesèl**

Bidjè yo Adopte a ogmante envestisman anyèl Eta a nan bon jan kalite prematènèl a 1.1 milya dola, yon ogmantasyon 125 milyon dola oswa 13 pouzan. Avèk finansman sa a, distri eskolè yo pral kapab bay aksè ak bon jan kalite prematènèl tout jounen atravè Eta a pou apeprè 17,500 lòt timoun ki gen kat ane.

### **Sipò pou edikasyon espesyal**

Gouvènè Hochul ap bay tou 240 milyon dola adisyonèl nan nouvo fon ak fleksibilite enpòtan nan finansman lekòl edikasyon espesyal ki apwouve yo. Nouvo finansman sa a pou edikasyon timoun andikape yo akonpaye ak plis fleksibilite finansye ak operasyonèl nan lekòl sa yo pou satisfè bezwen elèv yo. Inisyativ sa a pral bay chanjman ki pote transfòmasyon nan fason yo edike timoun ki pi vilnerab yo.

### **Sipò akademik ak sante mantal**

Bidjè Eta a gen ladan yon total de 100 milyon fon kontrepatti sou de zan ke yo dwe bay distri lekòl yo ak BOCES ki gen pi gwo bezwen pou adrese byennèt elèv yo ak pèt aprantisaj an respons a chòk pandemi COVID-19 la te lakòz. Sa gen ladann sipò pou pwogram jounen lekòl oswa ane lekòl pwolonje, pwogram apre lekòl, pwofesyonèl sante mantal ak lòt inisyativ detèmine lokalman.

### **Rekritman ak kenbe pwofesè yo**

Bidjè a gen ladan finansman pou nouvo inisyativ ki santre sou elaji mendèv la pou pwofesè yo, ansanm ak elaji mwayen pou pwofesyonèl ki soti nan lòt karyè yo ka vin pwofesè.

Bidjè a kreye yon pwogram rezidans pwofesè nan eta a pou pote plis pwofesè nan lekòl yo pi bonè pandan y ap bay plis opòtinite pou sipò ak fòmasyon pandan y ap antre nan karyè yo. Eta pral elaji tou pwogram sètifikasyon pwofesè altènativ yo, tankou Kolaborasyon Ansèyman Vil New York (New York City Teaching Collaborative), pou rann li pi fasil ak pi evidan pou pwofesyonèl yo nan lòt karyè vin pwofesè. Fiti pwofesè yo ta vin apranti nan distri lekòl ki gen gwo bezwen yo pandan y ap fè yon metriz nan domèn yo.

Bidjè a gen ladan inisyativ pou amelyore konpetans parapwofesyonèl ak asistan ansèyman aktyèl yo. Genyen plis pase 100,000 parapwofesyonèl ak asistan ansèyman nan lekòl Eta New York yo—yon chif k ap ogmante rapidman. Bidjè a pral bay

sibvansyon pou parapwofesyonèl ki rete travay nan yon distri lekòl pou pouswiv yon diplòm ansèyman. Distri lekòl yo ta gen obligasyon mete kandida yo avèk konseye pwofesyonèl yo.

Pou ranfòse mendèv la epi abòde mank pwofesè a, Bidjè a pral anile tanporèman plafon revni pou kèk retrete. Genyen 169,000 Pwofesè Eta New York ki pran retrèt, anpil ladan yo ta vle retounen nan ansèyman lè yo anile limit pansyon aktyèl la. Yo ta retire limit 35,000 a pou kèk retrete, pou ankouraje pwofesè yo ak lòt travayè lekòl yo pou yo rejwenn mendèv la.

### **Edikasyon Vèt**

Pou amelyore kalite lè a pou Nouyòkè ki gen laj pou ale lekòl yo, Bidjè Eta a egzije pou tout nouvo acha otobis lekòl yo dwe zewo emisyon rive 2027 epi tout otobis lekòl ki sou wout la dwe zewo emisyon rive 2035. Bidjè Eta a pral bay 500 milyon dola atravè Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal (Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal) la pou sipòte distri lekòl yo nan acha otobis zewo emisyon ak enfrastrikti rechaj ki gen rapò ak yo enkli estasyon rechaj yo. Anplis de sa, Bidjè Eta a otorize distri eskolè yo pou lwe oswa finanse otobis zewo emisyon pou 12 ane, plis pase double limit aktyèl senk ane pou otobis dyezèl yo, yon fason pou ede distri yo atenn objektif sa a, epi asire yo bay Èd Transpò nan otobis zewo emisyon ak enfrastrikti rechaje ki gen rapò ak yo.

Bidjè a pral baze sou angajman Gouvènè Hochul pran pou pote dirabilite anviwònmantal an nan lekòl New York yo. Inisyativ Lekòl Vèt ak Pwòp la (Clean Green Schools) yo bay nan "Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt la" pral sèvi plis pase 1,000 lekòl eta epi benefisyè prèske 1 milyon elèv. Pwogram nan pral estimile amelyorasyon enfrastrikti enpòtan, tankou chofaj ak refwadisman jewotèmik, solè, twati vèt, ak kalite/vantilasyon lè alenteryè. Envestisman vital sa a pral non sèlman ranfòse ekonomi eta a, men li pral avanse jistis klimatik lè li pote enèji pwòp ak yon anviwonman alenteryè ki pi an sante nan lekòl piblik ki pa gen resous yo.

### **Sipò pou operasyon SUNY ak CUNY**

Gouvènè Hochul ap bay plis pase 500 milyon dola nan nouvo sipò pou operasyon SUNY ak CUNY. Ogmantasyon ki pote transfòmasyon sa a gen ladan lajan pou alafwa sistèm yo ak pi gwo sipò pou elèv yo atravè Eta a. Sa gen ladan 68 milyon dola soulajman sèvis dèt yon sèl fwa pou twa lopital ansèyman SUNY yo.

### **Nouvo pwofesè**

Bidjè Egzekitif la bay SUNY ak CUNY 106 milyon dola - 53 milyon dola pou chak sistèm— pou anboche lòt pwofesè aplentan nan alafwa kolèj katran ak nan kolèj kominotè yo. Envestisman sa a pral finanse lòt pwofesè aplentan— nan SUNY ak nan CUNY, ki gen ladan sipò pou plan CUNY pou konvèti adjwen yo an pwofesè aplentan. Anplis de sa, Bidjè a gen ladan yon ogmantasyon 110 milyon dola pou finanse avantaj sosyal pou anplwaye SUNY ak CUNY yo.

## **Envestisman Estratejik**

Bidjè a bay 100 milyon dola pou envestisman estratejik ki pa renouvlab—60 milyon dola pou SUNY ak 40 milyon dola pou CUNY—pou amelyore pwogram akademik yo, ogmante enskripsiyon yo, amelyore sèvis sipò elèv yo ak modènize operasyon yo.

## **Nouvo sipò kapital pou pwofesè SUNY ak CUNY yo**

Bidjè a envesti 2.2 milya nan nouvo afektasyon ke Eta finanse pou pwojè kapital nan SUNY ak CUNY—1.2 milya dola pou kanpis SUNY yo ke Eta a opere, 879 milyon dola pou kolèj segondè CUNY yo, ak 102 milyon dola pou kolèj kominotè atravè Eta a.

## **TAP a tan pasyèl**

Gouvènè Hochul rekonèt ke pou anpil elèv, edikasyon siperyè aplentan pa vyab ak lòt defi tankou travay oswa fanmi. Li rekonèt tou ke anpil elèv bezwen aksè ak kou fòmasyon efikas pou amelyore konpetans nan karyè aktyèl yo. Pou abòde sa, Gouvènè a ap bay 150 milyon dola pou elají Pwogram Asistans pou Ekolaj a Tan Pasyèl (Tuition Assistance Program, TAP) pou sipòte elèv a tan pasyèl yo nan pwogram k ap chèche diplòm ak pwogram fòmasyon san diplòm nan kolèj kominotè yo.

## **Sipòte kolèj kominotè yo**

Bidjè a gen ladan yon etaj finansman pou pwoteje kolèj kominotè yo kont pèt plis pase 80 milyon dola nan finansman akòz enskripsiyon k ap bese.

## **Pwogram opòtinite elají pou elèv yo**

Gouvènè a ap bay yon ogmantasyon 30 milyon dola nan finansman pou pwogram opòtinite nan edikasyon siperyè ak sant fòmasyon yo, pou asire elèv sa yo ki fè fas ak defi akademik ak ekonomik yo pozisyone pou yo reyisi.

## **Gadri elají sou kanpis la**

Gouvènè a ap bay 15.6 milyon dola nan finansman demaraj pou etabli sant gadri sou tout kanpis SUNY ak CUNY ki rete yo. Inisyativ sa a pral elají yon faon konsiderab aksè ak edikasyon siperyè pou plis moun.

###